



AKÒ POU RENONSYASYON DAPRE SEKSYON 32: DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU MOUN KI FÈ REKLAMASYON AN

PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205

NON MOUN KI FÈ REKLAMASYON AN (EKRI AN LÈT DETACHE)	NIMEWO DOSYE WCB (YO)
ADRÈS MOUN KI FÈ REKLAMASYON AN NAN MOMAN AN	

Aprè li fin siyen epi egzaminen Akò Final pou Renonsyasyon Seksyon 32 a, moun ki fè kontestasyon an dwe konplete dokiman sa a. Nan objektif pou voye Akò y ap trete a byen rapid, nou dwe soumèt dokiman sa a bay komite a anmenmtan avèk Akò Final pou Renonsyasyon Seksyon 32 a (Fòm C-32). Gade anba a pou jwenn plis enfòmasyon sou Akò Final pou Renonsyasyon Seksyon 32 a.

Nòt: Ou anile dwa ou pou resevwa Avantaj Konpansasyon Travayè pidevan. Li enpòtan pou ou revize ak konprann enfòmasyon ki anba la yo.

- 1. Revizyon ak Apwobasyon:** Komisyon an pral revize Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 epitou y ap detèmine si yo kapab apwouve li san pa gen yon odyans. Si Komisyon an detèmine yo kapab apwouve akò a san pa gen yon odyans, y ap voye yon desizyon yo pwopoze pa lapòs ba tout moun ki konsène yo pou fè yo konnen dat yo kwè yo te dwe soumèt akò a ba Komisyon an, ak dat apwobasyon akò a ap vin final, si pa gen moun ki konsène ki soti nan akò a. Si Komisyon an detèmine yon odyans ap obligatwa anvan yo apwouve akò a, tout moun ki konsène yo ap resevwa yon avi pou lè, dat ak kote odyans lan ap fèt. Komisyon an ap deside moun ki konsène yo te dwe soumèt akò a nan dat odyans lan. Apre odyans lan, si okenn moun ki konsène pa soti nan akò a, moun ki konsène yo ap resevwa yon avi sou desizyon an k ap endike Komisyon an apwouve Akò a.
- 2. Dwa pou Soti nan Akò a:** Tout moun ki konsène nan akò a gen dis (10) jou almannak pou yo soti nan akò a apati dat Komisyon an deside yo te dwe soumèt akò a.
- 3. Chèk aranjman an:** Konpayi asirans lan gen dis (10) jou almannak apati dat apwobasyon akò a vin final pou yo voye chèk aranjman an ba ou, sof si yon moun ki konsène soumèt yon avi alekri pou li soti nan akò a.
- 4. Sanksyon:** Si konpayi asirans lan pa voye (date) chèk aranjman an nan dis (10) jou almannak apati dat apwobasyon akò a vin final, ou ka mande Komisyon an pou yo enpoze yon sanksyon kont konpayi asirans lan.
- 5. Final ak Definitif:** Tanpri sonje lè peryòd dis (10) jou pou soti nan akò a apati dat Komisyon an deside yo te dwe soumèt akò a pase epitou si Komisyon an apwouve akò a, akò a ap final ak definitif pou moun konsène ki enterese yo.
- 6. Chanjman:** Apre Komisyon an bay yon avi pou desizyon li pou apwouve Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32, ou kapab fè chanjman nan akò a sèlman si tout moun ki konsène yo dakò epitou sou Komisyon an apwouve akò a.
- 7. Avantaj medikal:** Sof si akò a prevwa avantaj medikal pidevan, okenn depans medikal pidevan ki gen pou wè ak reklamasyon ou p ap vin responsablite ou.
- 8. Fason pou kominike avèk Komisyon an:** Nenpòt kominikasyon avèk Komisyon an ta dwe endike nimewo reklamasyon WCB ou.
- 9. Kantite Lajan Medicare ki Rezève:** Si ou renonse dwa ou pou resevwa tretman medikal san rete dapre yon Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32, ou dwe konsidere enterè Medicare, epi si ou pa fè sa, sa ka menase dwa ou pidevan pou resevwa avantaj Medicare pou tretman chòk ou pran nan travay. Lè li nesese, ou kapab konsidere enterè Medicare dapre detèminasyon yon dispozisyon pou rezève yon kantite lajan Medicare nan akò k ap rezoud reklamasyon konpansasyon travayè. Rezèvasyon yon kantite lajan Medicare se yon pòsyon règleman jeneral la yo kwè ki ase pou peye frè tretman medikal ki gen pou wè ak chòk nan travay pidevan. Gid ki konsène si yon rezèvasyon lajan Medicare nesese, epi si Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Center for Medicare & Medicaid Services, CMS) te devlope kalkil ak administrasyon yon rezèvasyon lajan Medicare nan konpansasyon travayè.

Mwen, _____, rekonèt m ap rezoud tout reklamasyon ak fiti reklamasyon ki endike nan Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 ant mwen ak konpayi asirans lan ak/oswa patwon an, epitou depi Komisyon an apwouve Akò a ak yon peryòd dis (10) jou pou tann pase, Komisyon an, mwen, patwon an ak konpayi asirans lan, oswa nenpòt moun konsène ki enterese pa kapab re-louvri reklamasyon an (yo).

Tanpri reponn kesyon ki anba la yo. Ou dwe koche kaz pou Wi oswa Non pou chak kesyon.

1. Èske ou rekonèt nenpòt moun ki konsène nan Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 a ka soti nan Akò a anvan apwobasyon an vin final? Sa vle di nenpòt moun konsène ki vle soti nan Akò a dwe fè sa alekri. Komisyon DWE resevwa avi alekri pou soti nan Akò a nan 10 jou almannak apre dat Komisyon an decide yo te dwe soumèt Akò a ba Komisyon an. (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
2. Èske ou rekonèt si Komisyon an pa resevwa avi alekri pou fè konnen sou soti nan Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32, nan 10 jou almannak apre dat Komisyon an decide yo te dwe soumèt Akò a ba Komisyon an, Akò a ap obligatwa pou tout moun ki konsène yo epitou yo pa kapab konteste Akò a? Sa vle di depi apwobasyon Akò a vin final moun ki konsène nan Akò a pa ka konteste okenn kondisyon Akò a epitou Komisyon an p ap revize Akò a ankò. (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
3. Èske ou rekonèt depi apwobasyon Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 a vin final, ou kapab fè chanjman nan akò a sèlman lè tout moun ki konsène yo siyen yon demann alekri epitou lè Komisyon an bay apwobasyon li? Sa vle di ou kapab fè chanjman nan Akò a, apre apwobasyon an vin final, sèlman si moun ki konsène yo dakò epi siyen yon demann alekri, epitou si Komisyon an apwouve demann lan. (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
4. Èske ou rekonèt ou pa gen obligasyon pou aksepte aranjman pou reklamasyon ou? (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
5. Èske ou rekonèt depi ou fè aranjman pou reklamasyon ou avèk yon Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32, sof si Akò a prevwa avantaj medikal pidevan, nenpòt depans medikal pidevan ki konsène dosye ou ap vin responsablite ou? Sa vle di, pa egzansp si eta sante ou vin grav oswa si ou bezwen operasyon, pidevan, konpayi asirans lan p ap otorize oswa yo p ap peye lajan pou okenn lòt tretman, medikaman oswa operasyon. (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
6. Si w ap resevwa peman chak semèn nan moman a, èske ou konnen lè peman ou yo pral sispann? (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
7. Èske ou rekonèt lè apwobasyon Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 a vin final nou pa kapab re-louvri dosye ou pou rezoud okenn pwoblèm Akò a te rezoud deja? (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
8. Èske ou dakò avèk kantite lajan aranjman an epitou èske ou rekonèt nou ofri ou li kòm yon aranjman final pou rezoud pwoblèm sa yo ki nan dosye ou? (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
9. Èske ou rekonèt n ap retire nenpòt dwa privilèj sipò timoun ki anreta nan peman nan aranjman ou pou nou peye tout kantite lajan sipò timoun nan jiska kantite lajan Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 a? (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non
10. Èske ou rekonèt lè apwobasyon pou Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 a vin final ak definitif konpayi asirans lan gen 10 jou almannak (si okenn moun ki konsène pa t soti nan Akò a) pou yo voye chèk aranjman an? Sa vle di si yo pa voye chèk ou (ki tenbre) nan dat 10yèm jou a oswa anvan, apre apwobasyon pou Akò a vin final ak definitif, ou ka mande pou Komisyon an enpoze yon sanksyon kont konpayi asirans lan. Si 10yèm jou a se yon samdi, dimanch oswa yon jou ferye legal, konpayi asirans lan gen jiska pwochen jou ouvab la pou voye chèk ou ba ou. Wi Non
11. Èske ou te fè nenpòt pwomès, oswa èske yo te fè ou nenpòt pwomès, ki pa endike nan Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 sa a? (Si ou reponn Wi, eksplike anba la a.) Wi Non
12. Èske ou te gade videyo ki obligatwa a: **Fason pou Rezoud Reklamasyon Ou?** Videyo a bay yon entèpretasyon yon Akò pou Renonsyasyon dapre Seksyon 32 a ak konsekans li yo. Ou ka wè videyo ki rele **Fason pou Rezoud Reklamasyon ou** nan lyen ki endike anba la a: www.wcb.ny.gov/Section32. (Si ou reponn Non, eksplike anba la a.) Wi Non

Eksplikasyon (yo):

Mwen deklare jou ki se _____ nan mwa _____, ak nan lane 20_____, pou mwen pa tonbe anba sanksyon nan kad lwa New York, ki ka gen ladan l yon amann oswa prizon, sa m di anvan yo se verite. Epitou, mwen konprann yo ka depoze dokiman sa a nan kad yon aksyon oswa yon pwosedi devan yon tribinal.

Siyati moun ki fè kontestasyon an

Dat la

Mwen konfime:

1. Mwen reprezante moun ki fè reklamasyon an, _____.
2. Anvan egzekisyon Akò pou Renonsyasyon dapre WCL § 32 (Akò a), mwen te konsidere enterè Medicare ki gen pou wè ak sèvis medikal pidevan ak si Akò a ta dwe gen yon rezèvasyon lajan Medicare pou Konpansasyon Travayè. Mwen te diskite sou nesosite pou konsidere enterè Medicare avèk kliyan mwen.
3. Mwen te fè yon revizyon konplè sou Akò kliyan mwen egzekite a epitou mwen te soumèt revizyon mwen ba Komisyon an pou yo apwouve li, epitou mwen te eksplike kliyan mwen tout aspè akò a, ansanm ak konsekans akò a, ap gen sou dwa kliyan mwen pou tretman medikal ki gen pou wè ak chòk li pran nan travay, si Komisyon an apwouve kontra a.
4. Mwen te bay kliyan mwen posiblite pou li poze kesyon konsènan Akò a epitou mwen te reponn kesyon yo dapre tout sa mwen konnen.
5. Mwen te fè kliyan mwen an konnen kantite lajan frè mwen gen entansyon mande nan pati dedomajman Akò a epitou mwen te eksplike kliyan mwen an frè a baze sou barèm ki tabli nan Atik 24(2)(f) WCL la.
6. Mwen te konfime epi detèmine, dapre tout sa mwen konnen, kliyan mwen konprann kondisyon Akò a, konsekans Akò a pral gen sou li si Komisyon an apwouve Akò a, epitou kliyan mwen te fè akò libelibè.
7. Pa gen pwoblèm ki pa rezoud nan reklamasyon sa a (yo) ki pa rezoud okonplè avèk kondisyon Akò a, sof pou pwoblèm Akò a pa rezoud toutespre.
8. Mwen te konfime ak detèmine, dapre tout sa mwen konnen, adrès pou kliyan mwen ki nan paj en (1) dokiman sa a se adrès moun ki fè reklamasyon an nan moman an, epi yo ta dwe voye chèk aranjman an nan adrès sa a.

Siyati Avoka a

Non Avoka a an Lèt Detache

Dat la